**Жайна хIоттийнарг – Тазабаев Джамалдинан Мохьмад**

# Ялсамане вуьгу 40 некъ

**Гуьмсе 2010**

**Сорок путей, ведущие в Рай. 2010. – с.**

*Составитель – М.Д. Тазабаев*

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

## Дешхьалхе

Баккъалла а, хастам Веза-Сийлахьчу Далла бу. Оцу Далла хастам бо вай, Везчу Делера гIо лоху вай, Цуьнга гечдар доьху вай, Веза-Сийлахьчу Делаца ларло вай вешан дегIаца долчу вуочу хIуманех, вуочу Iамалех а. Дала нисвинарг галваккха цхьа а вац, Цуо галваьккхинарг нисван а цхьа а вац. Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин Дела вац аьлла, ша цхьаъ ву Иза, Шеца накъост воцуш. Ас юха а тоьшалла до, баккъалла а, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) – Делан лай а, Цуьнан Элча а ву аьлла. Дала Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ваийтина нийсонца, бакъдолчу динца, и бусалба дин кхечу массо динел толош – керста нахана иза ца дезахь а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайн Делера гечдаре, стигланаш а, латта а санна шуьйра йолчу ялсаманига а сихо е аш, Делах кхоьручарна кечйина йолчу».** *«Алу Iимран», 133*

Дала Шен къинхетамца гайтина вайна ялсамане вуьгу некъаш. Лахахь вай хьахор йолу Iамалш кхочушйича, АллахIа Шен ялсаманин неIарш йоьллур ю вайна.

## Ялсамане вуьгу шовзткъа некъ

### *1. Ийман, Ислам*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу цхьа акха Iарби веара, цо элира, аьлла: **«ХIай АллахIан Элча, со Iамална тIенисвехьа, ас иза йича, со ялсамане гIур волуш». Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира: «АллахIна Iибадат де ахь, Цуьнца накъост ца лоцуш; фарз ламаз а де ахь; фарз закат а даккха ахь; мархин бутт а кхаба ахь». Iарбичо элира: «Сайн са карахь долчух** (АллахIах) **дуй буу ас, со хIокхул соввер ма вац».** Иза дIавирзича, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ялсаманин охIланех волчу стаге хьажар шена хазахетарг – хIокху стаге хьожийла».** *Бухари, Муслим.*

Мурратан кIанта Iамра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу цхьа стаг веара, цо элира, аьлла: **«ХIай Делан Элча, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла, ас тоьшалла дича, баккъалла а, хьо Элча ву аьлла тоьшалла дича, фарз**

**пхи ламаз дича, закат дӀаделча, мархин бутт кхаьбча, со хьанах хир ву?»** Цо элира: **«Бакълуьйчаьрца, гӀазотехь эгначаьрца хир ву».** *Ибн Хьиббан.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ас тоьшалла до, АллахӀ воцург кхин Дела вац аьлла, со – Делан Элча ву аьлла. И ши тоьшалла шеца долуш волу Делан лай Далла дуьхьал кхетар ма вац, ялсамане вахний бен».** *Муслим.*

Ӏамран кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Жоьжахатих ша генаваьккхина, ялсамани чу ша вахийта лууш волчуьнга валар кхочийла, иза Делах, къематдийнах а тешаш волуш, цо нахаца юкъаметтиг лелайойла, цара шеца лело луучу кепара».** *Муслим.*

МуӀаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен тӀаьххьара къамел** ***«Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ*** *(АллахӀ воцург, дела вац)»* **– хилларг, ялсамане гӀур ву».** *Абу Давуд, Хьаким.*

### *2. Ламаз эцар*

Хаттабан кӀанта Ӏумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Шух цхьа а ма вац, ша эца ма-деззара дуьззина ламаз оьцуш, цул тӀаьхьа ша олуш: ***«АшхӀаду ал-ла́ ила́хӀа иллалло́хӀу вахьдахӀу ла́ шари́ка лахӀу, ва ашхӀаду анна Мухьаммадан ӀабдухӀу ва росу́лухӀу*** *(Ас тоьшала до, цхьаъ бен воцу, Шеца накъост воцуш волу АллахӀ воцург дела вац аьлла, ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай а, Цуьнан элча а ву аьлла),* цунна ялсаманин бархӀе неӀ дӀайоьллуш бен, иза шена луучу неӀарехула чу гӀур волуш». *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Билале элира, аьлла: **«ХӀай Билал, айхьа Исламехь уггаре алсам йоле сатуьйсуш йина Ӏамал йийцахьа суна, баккъалла а, суна ялсамани чохь сайна хьалха хьан шина мачин тата хезна».** Цо жоп делира: **«Ас йоле тӀех сатуьйсуш цхьа а Ӏамал ма ца йина, айса дийнахь я буьйсанна ламаз эцча, оцу ламаз эцарца Дала суна дар лерина долу ламаз диний бен».** *Бухари.*

Ӏа́миран кӀанта Ӏукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, ша эца ма-деззара ламаз эцна, цул тӀаьхьа ши**

**ракаIат суннат ламаз дина, шен дог-ойла оцу ламазна тIе а яхийтина, ялсамани цунна важиб хуьлуш а бен».** *Муслим.*

### *3. Молла кхайкхар*

Iáмиран кIанта Iукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезна шена, аьлла: **«Хьан Далла хазахета** (къинхетам бо), **гу тIе хIоьттинчу жаIуно, молла кхайкхина, ламаз дича. Веза-Сийлахьчу Дала олу: «ХIай маликаш, шу хьовсийша хIокху сан лене, молла кхайкхина, ламаз дина цо Сох кхоьруш; баккъалла а, Аса гечдина Сайн лена, иза ялсамане вахийти Аса».** *Абу Давуд, Насаи.*

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шийтта шарахь молла кхайкхинчунна ялсамани важиб хили. ХIора молла кхайкхаран цIарах массо дийнахь цунна яздо кхузткъа дика, хIора икъаматан цIарах - ткъе итт дика».** *Ибн МажахI.*

### *4. Ламаз дар*

Хьанзалата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Пхи ламаз лардинчунна - шен рукуIаш, сужданаш, ламаз эцар, ламазан хенаш а ларъеш, Веза-Сийлахьчу Дала уьш тIедехкина хилар хууш - ялсамани важиб хили».** Я цо элира: **«Жоьжахатина хьарам хили иза».** *Ахьмад.*

Абу ТIалхьатан кIанта МиIдана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со тIекхечира Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIуллакххочунна Савбанна. Аса цуьнга элира: **«Ахьа суна йийцахьа аса йийр йолу цхьа Iамал, и бахьана долуш Дала со ялсамане вуьгур а волуш».** Я цо элира: **«Ахьа суна йийцахьа Далла уггар дукхаеза Iамалш».** И вист ца хилира. Цул тIаьхьа а цуьнга хаьттира аса. И вист ца хилира. КхоазлагIа а цуьнга хаьттира аса. ТIаккха цо элира: «Ас цунах лаьцна хаьттира Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цо элира: **«Дуккха а сужданаш дан деза ахьа. Ахьа Далла цхьа а сужда ма ца до, и бахьана долуш Дала хьо даржехь соввоккхуш а, Цо хьан къа дIадоккхуш а бен».** *Муслим.*

Абу Муса аль-АшIарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Iуьйра ламаз а, малхбуза ламаз а динарг ялсамане чу вахана».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Iуьйранна а, суьйранна а маьждиге ваханчунна АллахIа ялсамани чохь меттиг кечйо, иза Iуьйранна а, суьйранна а мосазза воьду».** *Бухари, Муслим.*

Умму Хьабúбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Делкъа ламазал хьалха а, тIаьхьа а диъ ракаIат лардинарг - АллахIа жоьжахатина хьарам во».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

### *5. Закат далар*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ша велларг, Делаца накъост вина воцуш, цIенчу даггара шен даьхни тIера закат дIаделла а волуш – ялсамани чу гIур ву иза».** *Ахьмад.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу цхьа акха Iарби веара, цо элира, аьлла: «**ХIай АллахIан Элча, со Iамална тIенисвехьа, ас иза йича, со ялсамане гIур волуш».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«АллахIна Iибадат де ахь, Цуьнца накъост ца лоцуш; фарз ламаз а де ахь; фарз закат а даккха ахь; мархин бутт а кхаба ахь».** Iарбичо элира: **«Сайн са карахь долчух** (АллахIах) **дуй буу ас, со хIокхул соввер ма вац».** Иза дIавирзича, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ялсаманин охIланех волчу стаге хьажар шена хазахетарг – иза хIокху стаге хьожийла».** *Бухари, Муслим.*

### *6. Марха кхабар*

СаIдан кIанта СахIла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, ялсаманехь неI ю, шех Раййáн олуш, марханаш кхаьбнарш оцу неIарехула чу гIур болуш къематдийнахь. Цаьрца цхьаьна оцу чу гIур вац, уьш боцурш цхьа а. Олучо эр ду: «Марханаш кхаьбнарш мичахь бу?» ТIаккха уьш оцу чу гIур бу, царах тIаьххьарниг чувахча, иза дIакъовлур ю, кхин цхьа а цунах чоьхьа а ца волуш».** *Бухари, Муслим.*

Хьузайфата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, ша Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен некха тIе товжийра, цо элира, аьлла: **«Шен тIаьххьарлера дош: «АллахI воцург, кхин Дела вац», – аьлла хилларг, ялсамане гIур ву; Делан дуьхьа марха кхаьбнарг ялсамане гIур ву; Делан дуьхьа сагIина хIума елларг ялсамане гIур ву».** *Ахьмад.*

Абу СаIи́да (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахIан новкъахь ша цхьа де марха кхаьбна волу цхьа а лай вац, и де бахьана долуш АллахIа цуьнан юьхь кхузткъе итт шеран барамехь жоьжахатина генайоккхуш а бен».** *Бухари.*

### *7. Хьаж дар*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьаж динчунна гечдийр ду, хьажочо гечдар дехначунна а гечдийр ду».** *Баззар, ТIабарани.*

Жара́дан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьаж де аша, баккъалла а, хьаждаро къинойх цIанво, хино мода дIаяккхарх терра».** *ТIабарани.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: «**ХьаьжцIа вахнарг, - оьзда боцу мотт ца лебеш, Iеса а ца хуьлуш, - къинойх цIанлур ву, шен нанас ша винчу дийнахь санна».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьана Iумратна тIера вукху Iумратна тIекхаччалц дина долу** (кегий) **къинош дIадохуш ду, ткъа дан ма-деззара дина долчу хьажна ялсамани йоцург кхин бекхам бац»**. *Бухари, Муслим.*

Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къобалхиллачу хьажна бекхам бац, ялсамани йоцург».** Хоттучо хаьттира: **«ХIай Делан Элча, къобалхилла хьаж муьлханиг ду?»** Цо элира: **«Мискачу нахана яахIума ялар, салам даржадар».** *Ахьмад.*

### *8. Бакълер*

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, бакълеро дика Iамал ярна тIе нисво, баккъалла а, дикачу Iамало ялсамане вуьгу, баккъалла а, стаг бакълуьйш хуьлу, АллахIна гергахь бакълуьйш верг, аьлла иза дIаязваллац. Баккъалла а, харцлеро къинош летадойту, баккъалла а, къинош летадаро жоьжахате вуьгу, баккъалла а, къонах**

**харцлуьйш хуьлу, АллахIна гергахь харцлуьйш верг, аьлла, иза дIаязваллац».** *Бухари, Муслим.*

### *9. Собаре хилар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, собаре болчарна хьесап дар а доцуш юьззина дIалур ю шайн ял».** *«Аз-Зумар», 10.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Собаре хиларца а, ламазца а гIо лаха аш, баккъалла а, АллахI собаречаьрца ву».** *«Аль-Бакъарат», 153.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, пхийттара валанза волу шен кхоъ доьзалхо велла, АллахIа иза ялсамане вохуьйтуш бен, Ша царах бинчу къинхетаман дозаллин дуьхьа».** *Бухари, Муслим.*

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Лен бер делча, Веза-Сийлахьчу Дала (массо хIума Ша хууш воллушехь) шен маликашка олу: **«Сан лен беран са ийци аш?»** Цара олу: **«Ийци».** ТIаккха Цо олу: **«Цуьнан деган стом дIаийци аша?»** Цара олу: **«Ийци».** ТIаккха Цо олу: **«Сан лено хIун эли?»** Цара олу: **«Хьуна хастам би цо, инна́ лилла́хIи ва инна́ илайхIи ро́жиIу́на** (баккъалла а, вай АллахIан долахь ду, вай (деллачул тIаьхьа) Цуьнга доьрзур ду) **эли цо.** ТIаккха Веза-Сийлахьчу Дала олу: **«Аш сан лена ялсаманехь хIусам йогIа, аш цунна «Хастамбаран хIусам» алий цIе а тилла».** *Тирмизи.*

Абу Хьассана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Аса элира: **«ХIай Абу ХIурайрат, баккъалла а, сан шиъ кIант велла, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **оцу хьокхехь хIун аьлла дуьйцур дарий ахь, тхан дегнашна цунах синтем хир болуш».** Цо элира: **«ХIаъ, бусалба нехан белла болу кегий доьзалаш ялсаманехь лелаш хир бу. Шайн дена-нанна шаьш дуьхьалкхетча, церан бедар схьалоцур ю цара, аса схьалацарх терра хIара хьан бедар. Цара и бедар дIахоьцур ма яц, Дала и шиъ цаьрца ялсамане дахийтталц».** *Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахIа аьлла: **«Ас Сайн лай цунна дукхадезаш долчу шина хIуманца** (шина бIаьргаца) **зийча, тIаккха иза собаре а хилча, цаьршинна дуьхьал Ас цунна ялсамани лур ю».** *Бухари.*

### *10. Делан некъахь къахьегар*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, ялсамани чохь бIе дарж ду, Делан некъахь къахьоьгуш болчарна АллахIа кечдина. ХIора шина даржана юкъахь стигалний, лаьтттаний юккъехь йолччул юкъ ю».** *Бухари.*

### *11. Делан некъахь къахьегначунна тоьшалла*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Делан некъахь къахьегнарш ялсаманин неIарехь долчу Ба́рикъ олучу татолашна уллохь баьццарчу четар чохь хир бу, шайна даима рицкъа тIе а дохьуш».** *Ахьмад.*

### *12. Делан дуьхьа вовшийн дукхадезар*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ВорхI ву, АллахIа динарг бен** (IиндагI) **доцчу дийнахь, Цуьнан IиндагIа кIелахь хир волуш: нийсо еш волу имам; шен Далла Iибадат деш кхиъна волу жима стаг; маьждигех дог хоттаделла волу стаг; АллахIан дуьхьа вовшашна дукхавезна волу ши стаг, - Делан дуьхьа вовшахкхеташ, вовшахкъаьсташ а волуш; хаза а, ехаш а йолчу зудчо, зина де аьлла, кхайкхича, ша АллахIах кхоьруш ву аьлла вухаваьлла волу стаг; аьтту куьйго луш дерг аьрру куьйгана хаа а ца хууш** (нахана гайта ца гойтуш), **къайлах сагIа делла волу стаг; ша висинчохь АллахI хьехош шен бIаьргех хи даьлла волу къонах а».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала къематдийнахь эр ду: **«Сан дуьхьа дукхабезнарш мичахь бу? Тахана ас царна Сайн** (Iаршан) **IиндагIех IиндагI дийр ду, Сайниг бен IиндагI доцчу дийнахь».** *Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шу ялсамани чу гIур ма дац, аш ийман диллалц, шу ийман дуьззина хир ма дац, шу вовшийн деззалц. Ас шу цхьана хIуманна тIе нисдай, аш иза кхочушдича, шу вовшашна дезар долуш?! Шайна юккъехь салам далар даржаде».** *Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа стаг кхечу**

**юьрта шен** (бусалба) **вешина зиярте ваханера. Везчу Дала цуьнан некъа тIе малик хIоттийра; и стаг оцу маликна тIекхаьчча, цо** (малико) **хаьттира: «Хьо стенга воьду?» Цо жоп делира: «ХIокху юьртарчу сайн бусалба вешина зиярте воьду со». Малико хаьттира: «Айхьа цунна динчу диканна дуьхьала бекхам лохуш воьду хьо?» Цо жоп делира: «Ца воьду, сайна иза Веза-Сийлахьчу Делан дуьхьа дукхавезаш воьду со». Малико элира: «Баккъалла а, АллахIа хьоьга даийтина малик ду со, хьуна хьайн** (бусалба) **ваша везарх терра, АллахIна хьо дукхавеза, аьлла».** *Муслим.*

МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**Сан дуьхьа вовший безначарна нуьре минбарш хир ю. Пайхамарша, гIазотехь кхелхинчара а хастор бу уьш».** *Тирмизи.*

Абу Идрис аль-Хавланис (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина: **«Со вахара Димашкъахь долчу маьждиг чу. Оцу чохь нах бара, хаза юьхь-сибат долчу цхьана стагана го бина Iаш. Шаьш ца кхеташ цхьа хIума хилча, цуьнга хоттура цара, цул тIаьхьа цо аьлларг дора цара. Аса хаьттира, и стаг мила ву, аьлла. Олучо элира: «ХIара Джабалан кIант МуIаз** (Дела реза хуьлийла цунна) **ву». ШолгIачу дийнахь суна и карийра маьждигехь ламаз деш; и ламаз дина валлалц собар дина, цунна тIевахана салам делира аса цуьнга, цул тIаьхьа аса элира: «АллахIах дуй буу ас, баккъалла а, Делан дуьхьа хьо дукхавеза суна». Цо хаьттира: «Делан дуьхьа?» Аса элира: «Делан дуьхьа». Юха элира цо: «Делан дуьхьа?» Аса жоп делира: «Делан дуьхьа».** Цул тIаьхьа сан оба схьа а лаьцна, со шена тIе а озийна, цо элира: **«Аса кхаъ боккху хьоьга; Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **олуш хезна суна: «Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Суна безар важиб хили Сан дуьхьа вовшийн безнарш, Сан дуьхьа охьахийшинарш, вовшийн зиярте оьхуш хилларш, Сан дуьхьа вовшашна совгIаташ динарш».** *Малик.*

### *13. Къуръан дезар, и дешар, и Iамадар, цуьнца Iамал яр*

Iаффанан кIанта Iусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух уггаре дика верг – шена Къуръан Iамийна, цул тIаьхьа иза дIахьехнарг ву».** *Бухари.*

Абу Ума́мата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла:

**«Къуръан дешалаш, баккъалла а, иза къематдийнахь ша доьшуш хиллачунна шапаIат деш догIур ду».** *Муслим.*

СамIанан кIанта Навваса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Къематдийнахь Къуръан схьадохьур ду, дуьненахь цуьнца Iамал еш хилла болу цуьнан охIла а схьабалор бу. Цунна хьалхадаьлла *«Аль-Бакъарат», «Алу Iимран»* а сураташ хир ду, шаьшшиъ доьшуш хиллачаьргахьа гIо доккхуш».** *Муслим.*

Iа́ишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Говза а волуш, Къуръан доьшуш верг – дикачу, сийлахьчу, чехкачу маликашца хир ву. Шена хала а долуш, и ша доьшучу хенахь тийса а луш доьшучунна - ши ял хир ю».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Со вара Делан Элчанца** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дIавоьдуш, тIаккха цунна хезира, цхьана стага доьшуш: «Къуль хIуваллóхIу ахьад. АллóхIус-сомад. Лам йалид ва лам ю́лад. Ва лам йакул-лахIу́ куфуван ахьад** (АллахIан цIарца, Къинхетаме Волчу, Къинхетам бийр болуш Волчу. Ахь ала: «Иза АллахI ву, Ша цхьаъ волу. АллахI даима льтташ ву, Цуьнан доьзал бац, я Иза Ша а вац вина. Цунах тера цхьа а вац)**».** *«Аль-Ихлас».* Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Важиб хили».** Аса цуьнга хаьттира: **«ХIун хили важиб, хIай Делан Элча?»** Цо жоп делира: **«Ялсамани». Суна лиира оцу стаге кхаъ баккха. Цул тIаьхьа Делан Элчанах** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **къаста ца лиъна, цуьнца хIума яа охьахиира со. ТIаккха и стаг волчу вахара со, иза дIавахана карийра суна**». *Ахьмад.*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къуръан дагахь хууш волчуьнга эр ду: «Деша, хьала а вала, дешар хаз а де, дуьненахь айхьа хаздеш хиларе терра, баккъалла а, хьан меттиг** (ялсаманехь йолу) **- ахь доьшур долчу тIаьххьарчу аятана гергахь ю».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къуръана чохь ткъе итт аят долуш сурат ду, стагана шапаIат доьхур долуш, цунна гечдаллац, иза – «Таба́рокаллази́ бийадихIиль-мулку» ду».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла:

**«Мархано а, Къуръано а шапаІат дийр ду лена къематдийнахь. Мархано эр ду: «ХІай сан Дела, аса дийнахь юучух а, дегІан лаамах а вухатуьйхира иза, цунна шапаІат дан пурба лохьа суна». Къуръано эр ду: «Ас буьйсанна набарх вухатуьйхира иза** (Къуръан дешар бахьана долуш)**, цунна шапаІат дан пурба лохьа суна»**. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ТІаккха цаьршинга шапаІат дойтур ду».** *Ахьмад.*

### *14. Буоберан доладар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Буоберана ницкъ ма бе ахь».** *«Ад-Духьа», 9.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьуна ца го бекхаман де харцдеш верг? Иза ву буоберан хьакъ духадетташ верг, мискачу нахана сагІа даларна тІехь ша сутара а воцуш».** *«Аль-МаІун», 1-3.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Зулам деш, буоберийн даьхни дууш болу нах - шайн кийранаш буьззина жоьжахатин цІе юуш бу, СаІи́р олучу жоьжахати чу гІур бу уьш».** *«Ан-Нисаъ», 10.*

СаІдан кІанта СахІла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со а, буоберан доладийриг а - ялсаманехь иштта хир ву** (Шен хьажон, юккъера а пІелгашца ишар йира, и шиъ кІезиг хера а баьккхира)**».** *Бухари.*

### *15. Зудабераш кхиадар, цаьрца дика хилар*

Іа́ишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Со йолчу цхьа миска зуда еара, шен карахь ши йоІ йолуш, ас цунна кхоъ хурма елира. Шен шина йоІана цхьацца хурма дІа а елла, цхьа хурма шен бете яхьира цо, ша иза яархьама. Цуьнан шина йоІа йийхира цуьнга иза, тІаккха цо цаьршинна йийкъира ша яа лууш йолу хурма. Цуьнан балхах тамаш бира ас, цо динарг Делан Элчане** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дийцира ас, тІаккха цо элира: «Баккъалла а, и бахьанехь АллахІа ялсамани важиб йи цунна (я - и бахьанехь жоьжахатих хьалхайити иза)».** *Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Пхийттара яллалц ши йоІ кхиийнарг** (бусалба дин Іамош, уьш лардеш, цаьрца дика волуш) – **къематдийнахь Со а, иза а иштта хир ву** (цо шен куьйган пІелгаш тІеттІа хьабдира)**».** *Муслим.*

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**Шен ши йоІ кхиъалц ваха а ваьхна, и шиъ шеца мел ю, ша цаьршинца мел ву а цаьршинна дика а хуьлуш стаг ваха ма ца веха, цаьршиммо иза ялсамане вуьгуш бен».** *Ибн МажахІ.*

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, шен шиъ йоІ йолуш, цо цаьршинна и шиъ шеца мел ю (я ша цаьршинца мел ву) динехь хаа дезарг хьоьхуш, АллахІа и шиъ бахьанехь иза ялсамане вохуьйтуш а бен».** *Ахьмад.*

Іáмиран кІанта Іукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шен доьзалехь йолу кхоъ йоІ собарца, яа, мала, тІедуха латтош кхиийначунна – цунах жоьжахатина дуьхьало хир ю».** *Ахьмад, ибн МажахІ.*

### *16. Хьайбанца кхинхетаме а, дика хилар*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа стаг новкъахула дІавоьдучу хенахь чІогІа хьагвеллера. Цунна гІу карийра, цу чу а воьссина цо хи мелира, цул тІаьхьа хьалавелира. Мотт ара а баьккхина хьогаллина тІуьна латта дууш Іаш жІаьла дара, тІаккха стага элира: «ХІокху жІаьлега хьогалла кхаьчна-кха, хьалха соьга кхаьчнарг санна». ТІаккха гІу чу а воьссина, шен маьхьси хих юьзира цо, багахь и маьхьси схьа а лаьцна, хьалаваьлла, жІаьлина хи малийра цо. Дала цуьнгара Іамал къобалйира, Цо цунна геч а дира».** Цара элира: **«ХІай Делан Элча, баккъалла а, хьайбанах къинхетам бича, ял хир ю тхуна?»** Цо элира: **«ХІора тІедачу доІахехь** (садолчу хІуманехь) **ял ю».** *Бухари, Муслим.*

### *17. Новкъара хІума дІаяккхар*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, суна цхьа стаг гира ялсмани чохь дІасалелаш, бусалба нахана новкъарло еш долу некъа юккъера дитт хадор бахьана долуш».** *Муслим.*

Кхечу дийцарехь ду: «Цхьа стаг некъа юьккъехь долчу диттан гана уллох ваьлла дІаваханера, тІаккха цо аьллера: **«Цхьа стаг вара, новкъахь Іуьллуш долчу диттан гена тІехволуш, цо элира: «АллахІах дуй буу ас,**

**бусалба нахана новкъарло ца хилийта, новкъара дӀадоккхур ма ду аса иза». И бахьана долуш иза ялсмане вахийтира».** *Муслим.*

Кхечу дийцарехь ду: **«Новкъа воьдуш волчу стагана карийра, шена тӀехь кӀохцалш долу га. Иза новкъара дӀадаьккхира цо. Дала цуьнан Ӏамал къобал йира, тӀаккха цунна геч а дира».** *Бухари, Муслим.*

### *18. Делан дуьхьа Ӏилма лахар*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ӏилма лохуш болу некъ юьхьарлаьцначунна, иза бахьанехь АллахӀа ялсамане боьду некъ атта бийр бу».** *Муслим.*

Абу Дардаа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шегахь Ӏилма лохуш болу некъ юьхьарлаьцначунна, АллахӀа ялсамане боьду некъ атта бо. Баккъалла а, маликаша Ӏилма лохуш волчунна** (хьалха) **тӀемаш охьадаржадо, цо дечунна реза а хилла. Баккъалла а, Ӏеламстагана гечдар доьху стиглахь, лаьттахь мел долчу хӀумано а, хи чохь болчу чӀеро а цхьана. Ӏибадат дечу стагана хьалха Ӏеламстеган дозалла – седарчашна юккъехь беттан дозаллах терра ду. Баккъалла а, Ӏеламнах пайхамарийн верасаш бу. Баккъалла а, пайхамарша ирс эца дийнар я дирхӀам ца дитина. Баккъалла а, цара дитинарг Ӏилма ду, и схьаэцначо – доккха дакъа схьаэцна».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

### *19. Далла а, Делан Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) муьтӀахь хилар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа ала** (хӀай Мухьаммад)**: «Шу АллахӀ везаш делахь, суна тӀаьхьадаза шу – АллахӀна дезар ду шу, Цо гечдийр ду шун къиношна, АллахӀ гечдеш а, къинхетаме а Ву».** *«Алу Ӏимран», 31.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дерриге сан уммат ялсмане гӀур ду, вухакхеттарг воцург».** Цхьамма хаьттира: **«ХӀай Делан Элча, вухакхетар верг мила ву те?!»** Цо жоп луш элира: **«Суна муьтӀахь хилларг ялсамане гӀур ву, суна Ӏеса хилларг – иза вухакхеттарг ву».** *Бухари.*

### *20. Зуда шен майрачунна муьтӀахь хилар*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къонахчо шен**

**зудчуьнга шеца меттахь буьйса яккха кхайкхича, тIаккха иза цунна тIе ца еача, цунна оьгIазвахана а волуш цо буьйса яьккхича, иза Iуьйренга яллалц маликаша неIалт олу цунна».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Зудчунна мегар дац шен майра цIахь волуш марха кхаба** (Рамадан беттан марха доцург)**, цуьнгара пурба долуш а бен».** *Бухари, Муслим.*

Умму Саламата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен хIусамда шена реза волуш кхелхина йолу зуда ялсамане гIур ю».** *Тирмизи.*

### *21. Дена а, нанна а муьтIахь хилар*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIе цхьа стаг веара, цо элира: **«Ас хьоьца мах бо хIижрат дарна тIехь, джихIад дарна тIехь, Веза-Сийлахьчу Делера ял езаш».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьан дех-ненах цхьа а дуьненахь дуй?»** Цо жоп делира: **«ХIаъ,ший а ду»**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Веза-Сийлахьчу Делера ял езаш вуй хьо?»** Цо элира: **«ХIаъ».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьайн да-нана долче вуха а гIой, цаьршинна дика накъосталла де ахь».** *Бухари, Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьа стаг веара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу, шена гIазоте ваха пурба доьхуш. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьаттира: **«Хьан да-нана дийна дуй?»** Цуо жоп делира: **«ХIаъ, ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цу шингахь** (и шиъ кхабарца) **гIазот де».** *Бухари.*

Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Йеменера цхьа стаг веара, аьлла, Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIазоте ваха. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьаттинера: **«Йеменехь гергара цхьа а вуй хьан?»** Цо элира: **«Сан дай, наний ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цаьршимма пурба деллий хьуна?»** Цо элира: **«ХIан-хIа».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Вало, и шиъ долчу а гIой, цаьршинга пурба деха. Нагахь цаьршимма пурба лахь, гIазот де, ца лахь, цаьршинна муьтIахь хила».** *Абу Давуд.*

Жа́хIиматан кIанта МуIа́вията (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, ша Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу а вахана, элира, аьлла: **«ХIай Делан Элча, баккъалла а, Делан новкъахь гIазот дан лаьа суна, хьох дагавала веана со».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Нана юй хьан?»** Цо элира: **«ХIаъ, ю».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цунна уллора дIа ма вала, ялсамани цуьнан когаш кIелахь ю хьуна».** *Насаи.*

### *22. Гергарло хоттар*

Абу Айюба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ахь суна Iамал йийцахьа, цо со ялсамане вуьгур волуш».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«АллахIна Iибадат де ахь, Цуьнца накъост ца лоцуш, ламаз де ахь, закат ло ахь, гергарло леладе ахь».** *Бухари, Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена рицкъа алссам хила лууш волчо, шен дахар деха хила лууш волчо а** (рицкъанехь, дахарехь а беркат хила лууш волчо) **шен гергарло хуттийла».** *Бухари, Муслим.*

Сала́ман кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«ХIай нах, салам даржаде аша, яахIума яае аша** (мискачу нахана), **гергарлонаш хитта аша, нах бийшина болуш ламазаш де аша, ялсамане гIур ду шу маршонца».** *Тирмизи, Ибн МажахI.*

### *23. Цомгашчунна зиярте вахар*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цомгушчунна тIехIотта ваханчуьнга я АллахIан дуьхьа ша гергарло лелочу шен вешина зиярте ваханчуьнга кхайкхар догIур ду: «Дика хили хьо** (къинойх цIанвели хьо)**, хьан воьду меттиг а дика хили** (йоккха ял яьккхи ахь)**, ялсаманих меттиг а кечйи ахь».** *Тирмизи.*

Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац бусалба стаг волчу Iуьйранна хьажахIотта воьдуш, иза суьйренга валлалц кхузткъе итт эзар малико цунна гечдар доьхуш а бен; нагахь иза цуьнга суьйранна хьажа водахь, иза Iуьйренга валлалц**

**кхузткъе итт эзар малико цунна гечдар доьхуш а бен; ялсамани чохь мадбелла стом а хир бу цунна».** *Тирмизи.*

### *24. Шена кара догIучу рицкъанах кхачо яр, нахе хIума ца ехар*

Савбана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Нахе хIумма а ца еха суна дош лур дерг мила ву, ас дош дала цунна ялсамани хир ю, аьлла?»** Ас элира: **«Со ву».** Савбан вара (цул тIаьхьа), нахе хIумма а ца йоьхуш. *Абу Давуд.*

### *25. Делах кхерар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIах кхера шу, шайн ницкъ ма-кхоччу»**. *«Ат-ТагIабун», 16.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIан динан белхаш базбинарг – баккъалла а, иза ду дегнаш** (Делах) **кхерарх».** *«Аль-Хьаж», 32.*

Iажла́нан кIанта Абу Ума́мата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIаьххьара хьаж дечу хенахь хутIба доьшуш хезира шена, цо элира, аьлла: **«АллахIах кхералаш, шайна тIедиллина долу пхи ламаз кхочушделаш, шайн мархин бутт кхабалаш, шайн дохнах закат дIалолаш, шайна тIехIиттинчарна муьтIахь хилалаш - шайн Делан ялсамане гIур ду шу».** *Тирмизи.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира дукхахдолчу хьолехь нах ялсамани чу бохуьйтур болчу хIуманах, цо элира: **«АллахIах кхерар а, хаза гIиллакх а ду».** Цуьнга хаьттира дукхахдолчу хьолехь нах жоьжахате бохуьйтур болчу хIуманах, цо элира: **«Бага а, бехке меттиг а ю».** *Тирмизи.*

### *26. Даккхийчу къинойх ларвалар*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIаллакдеш долчу ворхI хIуманна генадовла шу»**. Цара (асхьабаша) хаьттира: **«ХIай Делан Элча, муьлхарш ду уьш?»** Цо (Пайхамара) жоп делира: **«Делаца накъост лацар** (ширк), **бозбуунчалла леладар, Дала хьарам дина долу дегI дер, бакъо а йоцуш, риба** (процент) **яар а, буоберийн даьхни даар а, тIамехь мостагIчух** (кхеравелла) **вадар а, оьзда болуш, ларлуш болчу бусалба зударшна тIехь харц цIе кхоллар а»**. *Бухари, Муслим.*

Іамран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Даккхий къинош ду: Делаца накъост лацар, дена-нанна вуон хилар, бакъо йоцуш адам дер, харц дуй баар а».** *Бухари.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олура, аьлла: **«Пхи ламаз а, рузба а – вукху рузбане кхаччалц, мархин бутт а – вукху мархин батте кхаччалц, царна юккъехь дина долу къинош дІадойуш ду, даккхийчу къинойх ларвелчахьана».** *Муслим.*

### *27. Хаза гІиллакх хилар*

Абу Ума́мата аль-Ба́хІилис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аса тІелоцу, ялсаманина йистехь хІусам хилийтар, ша бакъluьйш велахь а къийсавалар дитинчунна; ялсаманина юккъехь хІусам хилийтар, забаренна делахь а пуьташ боттар дитинчунна; ялсаманин лекхачу меттигехь хІусам хилийтар, гІиллакхаш хаза хиллачунна».** *Абу Давуд.*

### *28. Харцлер дитар*

Абу Ума́мата аль-Ба́хІилис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аса тІелоцу ялсаманина юккъехь хІусам хилийтар, забаренна делахь а пуьташ боттар дитинчунна».** *Абу Давуд.*

### *29. Дов дар дитар*

Абу Ума́мата аль-Ба́хІилис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аса тІелоцу ялсаманина йистехь хІусам хилийтар, ша бакълуьйш велахь а къийсавалар дитинчунна».** *Абу Давуд.*

### ***30. Делан Элчанан*** *(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)* ***некъана тІаьхьавазар***

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа ала** (хІай Мухьаммад)**: «Шу АллахІ везаш делахь, суна тІаьхьадаза шу – АллахІна дезар ду шу, Цо гечдийр ду шун къиношна, АллахІ гечдеш а, къинхетаме а Ву».** *«Алу Іимран», 31.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Элчано шайна деанарг схьаэца аша, цо шайна дихкинчух духакхета шу».** *«Аль-Хьашр», 7.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Делан Элчанехь дика масал дара шуна – АллахIах а, ТIаьхьарчу** (къемат) **дийнах а кхоьручарна, АллахI дукха хьехочарна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Элчанна муьтIахь хилларг – АллахIна муьтIахь хилла».** *«Ан-Нисаъ», 80.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дерриге сан уммат ялсамане гIур ду, вухакхеттарг воцург».** Цхьамма хаьттира: **«ХIай Делан Элча, вухакхетар верг мила ву те?!»** Цо жоп луш элира: **«Суна муьтIахь хилларг ялсамане гIур ву, суна Iеса хилларг – иза вухакхеттарг ву».** *Бухари.*

### *31. Маьждигаш дуогIар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, АллахIан маьждигаш дугIу** (доттарца, Iалашдарца, Iибадат дарца)**: АллахIах а, къематдийнах а тешачо, ламаз деш волчо, закат луш волчо, АллахI воцчух ца кхоьручо, баккъалла а, и нах нисбеллачарах ма бу».** *«Ат-Тавбат», 18.*

Iаффанан кIанта Iусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахIан дуьхьа маьждиг доьгIначунна, - цуьнца АллахI резавар лоьхуш, - АллахIа ялсамани чохь и санна хIусам югIур ю цунна».** *Бухари, Муслим.*

### *32. Хала воллучунна декхар дитар*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа стаг хилла нахе духалург хIума луш. Шен кIанте олуш хилла цо: «Хьуна тIевагIахь аьтто боцург, цунна гечде ахь, АллахIа вайна а гечдан тарло. АллахIе вирзира** (дIакхелхира) **иза, Цо цунна гечдира».** *Бухари, Муслим.*

Абу МасIуда аль-Бадрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шул хьалха хиллачарах цхьана стагана хьесап дира, цо дина цхьа а дика хIума ца карийра, нахаца иза ийна хилар доцург. Хьалдолуш вара иза, цо шен берашка омра деш хилла, халонехь волчунна декхар гечде, олий. Веза-Сийлахьчу Дала элира: «Со тIех там болуш Ву гечдарца, гечде цунна».** *Муслим.*

Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«АллахIа къематдийнан халонех ша хьалхавитича самукъадер долчо -**

**аьтто боцчунна шен декхар тІаьхьатоттийла я цо цунна** (декхар) **гечдойла».** *Муслим.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хала воллучунна декхар тІаьхьатеттинчунна я цунна иза** (декхар) **гечдинчунна АллахІа ІиндагІ дийр ду къематдийнахь, Шен Іаршан ІиндагІна кІелахь бен кхин ІиндагІ доцчу дийнахь».** *Тирмизи.*

### *33. СагІина хІума ялар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шу дикане** (ялсамани чу) **кхочур ма дац, шайна дукхадезачу даьхних аш сагІина хІума яллалц».** *«Алу Іимран», 92.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайн даьхни АллахІан новкъахь сагІина луш болчеран масал – буьртиган масалх тера ду, ша ворхІ кан схьабалийтина болчу, хІора кена чохь бІе буьртиг а болуш. АллахІа совдоккхур ду Шена луучунна, АллахІ** (комаршонца) **шорто еш Верг а, хууш Верг а Ву».** *«Аль-Бакъарат», 261.*

Абу МасІуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **волчу цхьа стаг веара, жулар** (дуьрста) **тесна йолу эмкал ялош; цо элира: «ХІара Делан новкъахь сагІа ду». Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира: «Хьуна и бахьанехь къематдийнахь ворхІ бІе эмкал хир ю, уьш ерриге жуларш тесна а йолуш».** *Муслим.*

Хьузайфата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, ша Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен некха тІе товжийра, цо элира, аьлла: **«Шен тІаьххьарлера дош: «АллахІ воцург кхин Дела вац», – аьлла хилларг, ялсамане гІур ву; Делан дуьхьа марха кхаьбнарг, ялсамане гІур ву; Делан дуьхьа** (хьанал рицкъанах) **сагІина хІума елларг, ялсамане гІур ву».** *Ахьмад.*

### ***34. АллахІна, Исламна а, Делан Элчанна а*** *(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)* ***реза хилар***

Абу СаІйда аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахІ –** (шен) **Дела хиларна, Ислам – дин хиларна а, Мухьаммад – Элча хиларна а реза хиллачунна ялсамани важиб хили».** *Муслим.*

### *35. Нахана зулам ца дар, нахаца къинхетаме хилар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Зуламхошна ма вац гӀоьнча».** *«Аль-Хьаж», 71.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ЛадогӀа, Делера неӀалт хуьлийла зулам дечу нахана».** *«ХӀуд», 18.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дика хӀума динчо шена** (пайденна) **дина, вуон хӀума динчо шена** (зенна) **дина».** *«Фуссылат», 46.*

Джа́бира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Зуламах кхера шу, баккъалла а, зулам – къематдийнан боданаш бу; бӀаьрмецигаллах кхера шу, баккъалла а, бӀаьрмецигалло шул хьалхарниш хӀаллакбина. Цо цаьрга вовшийн цӀийш а Ӏенадайтина, шайн хьарам дерг хьанал а дайтина».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къематдийнахь массеран хьаккъаш кхочушдийр ма ду, маӀаш йоцчу уьстагӀе маӀаш йолчу уьстагӀера чӀир оьцуьйтур ма ю».** *Муслим.*

Ӏамран кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаг – бусалба нах шен маттах, куьйгах а маьрша битинарг ву. ХӀижрат динарг – АллахӀа ма де аьлларг дитинарг ву».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Сий дайарций я кхидолчу хӀуманца шен вешина зулам дар шена тӀехь долуш верг - тахханехь цунах дӀацӀанлойла, я дийнар, я дирхӀам доцуш висале хьалха. Нагахь санна цо дика Ӏамал йинехь, цо зуламдаран барамехь дика Ӏамал схьаоьцур ю цуьнгара. Нагахь санна цуьнан дика Ӏамал яцахь, цо зулам динчун вуонаш цунна дӀалур ду».** *Бухари.*

Абу Ума́мата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стеган хьакъ харц дуй баарца шена дерзийначунна АллахӀа жоьжахати важиб йина, ялсамани хьарам а йина».** Цхьана стага цуьнга элира: **«ХӀай Делан Элча, иза кӀезиг хӀума елахь?»** Цо элира: **«Иза аракан** (сивак ечу диттан) **сара белахь а».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шуна хаьий, дан амал доцуш висинарг мила ву?»** Цара элира: **«Тхуна юккъехь дан амал доцуш висинарг шен дирхӀам доцуш я пайда эца хӀума доцуш верг ву».** ТӀаккха цо элира: **«Баккъалла а, сан умматах дан амал доцург – къематдийнахь ламазций, мархийций а, закатций а ша вогӀуверг ву,**

**хIокхунна лийна волуш, хIокхунна тIехь харц цIе кхоьллина, хIокхуьнан даьхни а диъна, хIокхуьнан цIий а Iанийна, хIокхунна тоха а тоьхна. ТIаккха царна хIоранна а хIокхуьнан диканаш дIалур ду. Цуьнан диканаш цунна тIехь долу декхар кхочушдале хьалха чекхдовлахь, церан къинош схьа а эцна, цунна тIекхуьссур ду, цул тIаьхьа иза жоьжахати чу кхуссур ву».** *Муслим.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьайн агIо охьатаIабе ахь** (хIай Элча) **бусалба нахана».** *«Аль-Хьижр», 88.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIа дихкина хIуманаш ша даздинарг – иза цунна дика ду шен Далла гергахь».** *«Аль-Хьаж», 30.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIан динан белхаш базбинарг – баккъалла а, иза ду дегнаш** (Делах) **кхерарх».** *«Аль-Хьаж», 32.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Мухьаммад – Делан Элча ву. Цуьнца берш** (асхьабаш) **– керста нахаца шога а болуш, вовшашца къинхетаме бу».** *«Аль-Фатхь», 29.*

IабдуллахIан кIанта Джари́ра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Нахаца къинхетаме воцчух АллахIа къинхетам бийр бац».** *Бухари, Муслим.*

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаг бусалба стагана гIишлох терра ву, вовшех чIагIъеш йолчу».** Цо шен пIелгаш чучча дехира. *Бухари, Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьа а** (кхоччуш) **ийман диллина ма вац, шена дезарг шен** (бусалба) **вешина деззалц».** *Бухари, Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьайн бусалба вешина гIо де ахь, иза нахана зулам деш велахь я наха цунна зулам деш делахь».** Цхьана стага элира: **«ХIай Делан Элча, ас цунна гIо дийр ду, нагахь цунна зулам деш делахь, ахь суна дийцахьа, иза ша зулам деш хилча, ас цунна гIо муха дийр ду?!»** Цо элира: **«Ахь иза зулам дарх вухатоха, баккъалла а, иза цунна гIо дар ду».** *Бухари.*

### *36. Кураллех, ямартлонах, декхарх цIена хилар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIна ца беза куралла еш болу нах».** *«Ан-Нахьл», 23.*

Савбана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, алла: **«Ялсамане гIур ву, кхаа хIуманах** (кураллех, ямартлонах, декхарх) **цIена а волуш, ша велларг».** *Тирмизи, ибн МажахI.*

### *37. Нийса кхел яр*

Бурайдата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Кхел еш болу къеданаш кхаа тайпана бу; цхьаъ ялсамане гIур ву, шиъ жоьжахате гIур ву. Ялсамане гIур верг – бакъо евзина, цуьнца кхел йинарг ву. Ткъа бакъо евзина, харц кхел йинарг** (озабезам а бина) **– жоьжахате гIур ву; хууш хIума доцуш, нахана юккъехь кхел йинарг а жоьжахате гIур ву».** *Абу Давуд.*

### *38. Веллачу стагана диканца тоьшалла дар*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Велла стаг дIавигира, наха шена дика тоьшалла а деш, тIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Важиб хили».** Цул тIаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дIавигира, наха шена вуон тоьшалла а деш, тIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Важиб хили».** ТIаккха ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХIун ду важиб хилларг?»** Цо элира: **«ХIара дикачуьнца хастийра аш, цунна ялсамани важиб хили-кха, хIара вуочу агIор вийцира аш, цунна жоьжахати важиб хили-кха, шу АллахIан тешаш ду-кх лаьтта тIехь».** *Бухари, Муслим.*

Абу аль-Асвада Дуалис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со Мадинате веара, ХаттIабан кIантаца Iумарца (Дела реза хуьлийла цунна) цхьаьна охьахиира со, велла стаг дIавигира, наха шена дика тоьшалла а деш. ТIаккха Iумара элира: **«Важиб хили».** Цул тIаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дIавигира, наха шена дика тоьшалла а деш. ТIаккха Iумара юха а элира: **«Важиб хили».** Цул тIаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дIавигира, наха шена вуон тоьшалла а деш. ТIаккха Iумара юха а элира: **«Важиб хили».** Абу аль-Асвада элира: «Ас хаьттира: **«ХIун ду важиб хилларг, хIай бусалба нехан паччахь?»** Цо жоп делира: **«Ас элира, Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **ма-аллара: «Веа стага шена диканца тоьшалла дина бусалба стаг Дала ялсамане вохуьйтур ву».** Оха хаьттира: **«Ткъа кхаа стага тоьшалла динарг?»** Цо элира: «**Кхаа стага тоьшалла динарг а вохуьйтур ву».** Оха хаьттира: **«Ткъа шимма тоьшалла динарг?»** Цо элира:

«**Шимма тоьшалла динарг а вохуьйтур ву».** Цул тIаьхьа оха цуьнга ца хаьттира цхьана стага шена тоьшалла динчух лаьцна». *Бухари.*

### *39. Мотт ларбар*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цуьнан багара дош ма ца долу, цунна уллохь Iамалш ларъеш долу** (шиъ) **малик долуш а бен».** *«Къаф», 18.*

СаIдан кIанта СахIла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен шина салазна юккъерниг** (мотт), **шина кога юккъерниг** (бехке меттиг) **ларъян тIелаьцначунна, ас тIелоцу, цунна ялсамани хир ю, аьлла».** *Бухари, Муслим.*

### *40. Дела хьехор*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, АллахI хьехор доккха** (деза) **ду».** *«Аль-Iанкабут», 45.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Со хьехаве аш, ас шу хьахор ду, Суна шукра де аш, Суна керсталла ма де».** *«Аль-Бакъарат», 152.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахI дуккха хьехаве аш – декъала хир ду шу».** *«Аль-ЖумуIа», 10.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллинарш, АллахI хьехаве, дукха хьехаварха. Цунна тасбихь а даккха - дийна юьххьехь** (Iуьйранна)**, чаккхенгахь а** (суьйранна)**».** *«Аль-Ахьзаб», 41-42.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ши дош ду маттана дай долуш, терзан тIехь деза долуш, Къинхетаме Волчунна дукхадезаш а долуш: *СубхьáналлóхIи ва бихьамдихIи, субхьáналлóхIиль-Iазы́м*** *(АллахI Шеца там боцчух цIанво ас, Цунна хастам барца, Веза-Сийлахь волу АллахI Шеца там боцчух цIанво ас)***».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«*СубхьáналлóхIи, валь-хьамду лиллáхIи, ва лá илáхIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар* алар дукха ма деза суна, шена тIе малх хьожучу массо хIуманал а».** *Муслим.*

МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен тIаьххьара къамел «Лá илáхIа иллаллóхI** (АллахI воцург кхин дела вац)**» – хилларг, ялсамане гIур ву».** *Абу Давуд, Хьаким.*

Абу Муса аль-АшIарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен**

**Дела хьехош верг, Иза ца хьехош верг а – дийнаверг а, велларг а санна ву».** *Бухари.*

**Веза-Сийлахь Волчу Дала ялсамане боьдучу некъа тIе нисдойла вай!**
**Чулацам**

***Дешхьалхе***
***Ялсамане вуьгу шовзткъа некъ***
***1. Ийман, Ислам***
***2. Ламаз эцар***
***3. Молла кхайкхар***
***4. Ламаз дар***
***5. Закат далар***
***6. Марха кхабар***
***7. Хьаж дар***
***8. Бакълер***
***9. Собаре хилар***
***10. Делан некъахь къахьегар***
***11. Делан некъахь къахьегначунна тоьшалла***
***12. Делан дуьхьа вовшийн дукхадезар***
***13. Къуръан дезар, и дешар, и Iамадар, цуьнца Iамал яр***
***I4. Буоберан доладар***
***15. Зудабераш кхиадар, цаьрца дика хилар***
***16. Хьайбанца кхинхетаме а, дика хилар***
***17. Новкъара хIума дIаяккхар***
***18. Делан дуьхьа Iилма лахар***
***19. Далла а, Элчанна а** *(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)* **муьтIахь хилар***
***20. Зуда шен майрачунна муьтIахь хилар***
***21. Дена а, нанна а муьтIахь хилар***
***22. Гергарло хоттар***
***23. Цомгашчунна зиярте вахар***
***24. Шена кара догIучу рицкъанах кхачо яр, нахе хIума ца ехар***
***25. Делах кхерар***
***26. Даккхийчу къинойх ларвалар***
***27. Хаза гIиллакх хилар***
***28. Харцлер дитар***
***29. Довдар дитар***

***30. Делан Элчанан*** *(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)* ***некъана тӀаьхьавазар***
***31. Маьждигаш дуогӀар***
***32. Хала воллучунна декхар дитар***
***33. СагӀина хӀума ялар***
***34. АллахӀна, Исламна а, Делан Элчанна а*** *(Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)* ***реза хилар***
***35. Нахана зулам ца дар, нахаца къинхетаме хилар***
***36. Кураллех, ямартлонах, декхарх цӀена хилар***
***37. Нийса кхел яр***
***38. Веллачу стагана диканца тоьшалла дар***
***39. Мотт ларбар***
***40. Дела хьехор***

ШолгӀа издани
(хьалха арахецна 2010-чу шарахь).
Жайна тӀедуьзна а, тодина а ду
ХӀоттийнарг – Тазабаев Джамалдинан Мохьмад
Рецензенташ – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов
Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Сайд-Мохьмад Тасуев

Второе издание
(первое выпущено в 2010 году)
Издание дополненное, переработанное
Составитель – Тазабаев Магомед Джамалдинович
Рецензенты – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов
Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Сайд-Магомед Тасуев